ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№131 (22.039) ● 2011 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 13, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Пресс-конференцэр

Мазихьр зыхуэдэр

КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт бадзэуэгъуэм и 7-м пресс-конференц иригъэкІуэкІащ. Журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритын и пэ кьихуэу, абы зэІущІэм щыІэхьилъхьэжащ зи упчІэщ Іуэхущапіэм ильэс ныкъуэ блэкІам зэфІигъэкІаэр.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, республикэм и Іуэхущапіэщхуэхэмрэ курытхэмрэ мазэ улахуэр ику иту сом 11922,9-м щьнэсащ икІи кІэрабгъэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 10,7-кІэ щыхьхьауэ. Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм ар - 9.138,1-рэ, узыншагъэр хьумэныгъэ социальнэ Іуэхущхьэбзэщіапіэхэмрэ - 8.857,8-рэ, щэнхабзэмрэ спортымкІэ - 8759,2-рэ щохьу.

- КЪБР-м и Правительствэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэр, республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэр 2011 - 2013 гъэхэм зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ гъатхэпэм и 9-м зэращІыліа лъэныкъуищ зэгурыІуэныгъэм щыгъэбелджылащ ильэхъум Іэнатіэ тэмэм, хуэфащэ хэхъуэ иІэн, и псэукІэр ефІэкІуэн папщІэ зэуІуу зэфІэгъэкІыпхьэхэр. Апхуэдэу щыналъэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, мы гъэм улахуэ нэхъ мащІэ дыдэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщцІхуэдизныр ягъэуващ. А тхьилъхэм Іэнатіэ Іутым и мазэ улахуэр ику иту сом 13.040-м и кІэ кІымыхуэу кьыз зэрагъэзэщым хуейщ. Мэкъуауэгъэм и 1 льандэрэ кьэрал, муниципальнэ Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэ нэхъ мащІэ дыдэр сом 4.611-рэ хьууэ ягъэващ. Ар республикэ, щІыпІэ бюджетхэм кьыхэкІынущ. ЩІыналъэ зэгурыІуэныгъэм зэрыщыкиІэм хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым лжьэфІыну исхэм ятещІыкІыхьуэ, адрей организацхэм улахуэ нэхъ мащІэ дыдэр сом 5.370-рэ хьууэ щагъэващ, - кьиГъэлъэГъуащ министрым. - У рысей Федерацэм и законодательствэм кьызэригъэувыкІ тету, радиацэм е нэгъуэщІ кьэхьукъащІэхэм я зэран зэкІаэм, хэкІуэда, дунейм ехьыжа дэя зауэлІхэм я унагъэхэм, пенсиехэм я зэхэсхуэн ящу зи мылькур зыфІэкІуэдахэм, нэщхьеягъуэ зиІэ лжьапІэншэхэмрэ пенсиэ ныбжьым нэмысасхэмрэ ахьшэкІэ защыдогъакьуэ. Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу апхуэдэ щыху 3848-м сом мелуани 147-рэ мин 830,2-рэ яхуэхэтхащ. Абы щыщу мелуан 70-рэ мин 79,61-р федералнэ, мелуан 77-рэ мин 750,59-р республикэ бюджетхэм кьыхэкІащ.

Тюбеев Альберт зэрыжиІамкІэ, кьэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм, зэ етыгъуэу мылькуиІэ зыщІагъэкьуэнухэм я республикэ регистрыр уб зыхуиІын пащэ, абы екъэлІа Іуэхугъуэхэр зэфІагъэкІ. А щыкІэм тету ялэ мазихьм щіыху 51.857-м сом мелуани 137-рэ мин 311,27-рэ хухахащ. КьищынэмыщІауэ, льготэ зиІэу 110.751-м псэупІэ-коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм пэкІуэу сом мелуан 485-рэ мин 738,43-рэ кьагъэсэбэлащ. Сабий зыпІ унагъуэхэм кьэрал пособие лІэужьыныгъэ псори мазэ кьэс и чэзум яІэрыхащ. Зи гугъу тщІы зэманым кьэрыбдзэ я Іуэхум сом мелуан 239-рэ мин 776,1-рэ хуаутІыпщащ, зэ етыгъуэ пособиекІэ щіыху мин 58,9-м зыщІагъэкьуащ.

- ЖьагъащІэхэмрэ сабий иІуэ зыпІэхэмрэ республикэр жьаІэру ядоІэпІэкІы. Ныбжьым «Анэм и щІыхь» медалыр бынм 5 е нэхьыбэ кьэзыльхуэ, зыгъэса анэ 94-м зэрахьэ. КЪБР-м и Президентым накьыгъэм и 13-м кьыдигъэкІа Жказымкъ жджыблагъэ щіыхуэ 22-м а дамыгъэ льапІэр хуагъэфэщащ, ар зиІэ анэхэм зэ етыгъуэу сом мелуани 2,180-кІэ зыщІагъэкъуащ, «Гъэль» автобус щІыкІуэхэм хуэдэу 30 ираташ.

(КІэухьыр 2-нэ нап.).

● Егъэджэныгъэ

Экзаменхэм полъэщ

КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Къэрал экзаменхэм я къэпщытакІуэ гупым и зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ 2011 гъэм екІуэкІа ЕГЭ-м и япэ Іыхьэм къыриІуэхэм.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий жиІащ иджы илъэс 9-нэ хьуауэ Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщыкІыр, абы щыщу иужьрей илъэсищым штат жыпхъэм иту кьызэрызэрагъэпэщыр. Адэкіэ кьыхигъащІ ЕГЭ щыкІэм тету ят экзаменхэм я бжыгъэм зэрызимыхьужар, предмет 14-м ящыщу урысыбзэмрэ есэпымрэ Іэмал имыІэу ятын хуейуэ зэрыщытыр.

Экзаменхэм я кьыдэзэгъэщыкІэм щытепсэлъыхьым, министрыр кьытеувыІащ а Іуэхур кьызыхуэтынымэу егъэкІуэкІыным властым и кьэрал, щІыпІэ органхэм, политикэ партхэм, жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм, егъэджэныгъэ Іуэхущапіэхэм, адэ-анэхэм я лІыкІуэхэр кьызэрыкІащр. ЕГЭ-м и япэ Іыхьэм кьэпщытэныгъэр я пщэ дэлъащ щіыхуи 172-м, жьлагъуэ кІэлъыплъакІуэу 56-рэ хэтащ, кьызэгъэпэщныгъэ лэжьыгъэм пэрытащ щіыху 1.778-рэ, предметхэмкІэ эксперту - 753-рэ.

Рособрнадзорым УФ-м и хэгъэгухэм яхуищІа ныкъусаныгъэхэм щытепсэлъыхьым, министрым кьыхигъащІ ди республикэм Іулъхьэ езыт, кьелыхьэ щымыІэныгъэ, ныбжьыщІэхэм жыпІ телефон кьамыгъэсэбэпныем нэхъ набдзэгубдзапІэзу зэрыщыкІуэр.

2011 гъэм школыр кьэдгъуэд 6.784-м щІыпІэ 37-м экзаменхэр щатащ. Ди республикэм ис школыгъэхэм кьагъэлъэГъуа щІэныгъэр тохуэ Урысейм ику ину кьыщащІыштам. Ди еджакІуэхэм балл нэхъыбэ кьахьащ географиемкІэ, химиемкІэ, Урысейм и тхыдэмкІэ, биологиемкІэ, физикемкІэ, математикемкІэ, литературэмкІэ, ауэ Урысейм ику ину кьыщащІыт баллхэм нэхъ нэхъ мащІэщ урысыбзэмкІэ, обществознаниемкІэ, информатикэмкІэ, хамэ кьэралыбзэхэмкІэ кьахьар. Нэгъабэ кьахьа баллхэм еплъытма, географиемкІэ, инджылызыбзэмкІэ, литературэмкІэ щІыкІуэм я щІэныгъэр нэхъ ефІэкІуащ, ауэ информатикэмкІэ 2010 гъэм ята экзаменхэм кьэрикІуам нэхъ нэхъыбэщ мы гъэм кьагъэлъэГъуар.

Іэмал имыІэу ятын хуейр экзаменхэмкІэ (урысыбзэмрэ есэпымрэ) мы гъэм Іыхьу 22-м я «2» кьахьащ, 2010 гъэм абыхъэм я бжыгъэр зэрыхьур 16-т. КьищынэмыщІауэ, Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэм я «С» Іыхьэм пэлъэщхэри нэхъ мащІэщ.

КІУЖ Иннэ.



Зымыгъэзауэм хуошхьдэ

РИА НОВОСТИ хьыбарегъащІэ ІэнатІэм дыгъуасэ кьызэритамкІэ, Франджым зыхьумэжыныгъэмкІэ и министр Лонге Жерар кьелыгъэ Сирием кьухьлъатэхэмкІэ уеуэкІэ щыхьэн лъэпкъ къымыкІыну, а кьэралым зауэ ещІыщІэнщи егъэдеиуэ гущыІэ.

Лонге Жерар дыгъуасэ «Le Figaro» газетым ирита интервьюм ІупщІу кьызэрыхъэщымкІэ, Франджым и министрыр Урысейми, Китаймии «нэгъуэщІхэми» яхуошхьдэ, Сириемрэ унафэщІхэр зыгъэхъуачыпэ резолюцэр ООН-м ЩынагъуэщнагъэмкІэ и Советым (ЩС) зэрыщыпхъамыгъэкІым кьыхэкІыу.

Фигу кьэгъэкІыжьынщи, вето хунтыныгъэ зиІэ Урысейм-Къитаймрэ ООН-м и ЩС-м щыпхъэкІыркъым Ливием зэрытеуам ещхьу, Сириеми хамэ кьэралхэр еуэну хуит зыщІ унафэр. Апхуэдэ резолюцэм и проектыщІэ аргуэру ЩынагъуэщнагъмкІэ Советым мэкъуауэгъуэм и 8-м кьыщаІэтащ Инджылызым, Франджым, Германием, Португалием.

Быщхьэм Сириемрэ и правительствэм кьыдэщІу зыкъэзыІэтахэр теуащ США-мрэ Франджымрэ я посольствэу Дамаск щыІэхэм. Америкэм и посольствэм дж лъы щагъэжакьым, Франджым еймщІалажьэхэм ящыщу щІыкІунщ уІэгъэ ящІащ.

Мазищрэ ныкъуэм щІигъуауэ Сириер зыкъэзыІэтахэм гугъу ирагъэхь. А зэманым кьриубыдэу, хунтыныгъэр хьумэным СириемщІэзыжьхэм кьэзэрабжамкІэ, щІыху зы мелуанрэ мин 35-рэ хэкІуэдащ. Дамаск щыІэ властым абыкІи хабзэхьумэрэ зауэлІу 340-рэ зэрыхэкІуэдамкІи егъэкъуанщ ІэщхькІэ зэщІэуэзда террорист гупэрэ.

Франджым и президентым и кьуэшыр яукІыну зэкъым нужь зэритар, ауэ нобэр кьыздэсым абы зихьумэжьфат. Ар щІаукІам и щхьэусыгъуэхэм ятеууха хьыбар зэкІэ щыІэкъым.

◆ Черногорие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - и кьаралыгъуэм и махуэщ (ар тхыдэм кьыхэна ІуэхугъуитІым епхащ: 1878 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м Берлин и конгрессым Черногориер кьэралщхьэхуиту кьилыхтащ; 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м фашист зэрыпхъуэкІуэхэм пэщІэувэу зыкъаІэтащ).

◆ **Камчаткэр Урысейм щыгъуэ махуэщ**

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti ru» сайтым кьызэритамкІэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, щІалъэ-пІалъэкІэ уэшх кьыщецихынущ. Хуаэбэу махуэм градус 23-рэ, жэщым градус 21-рэ щыІэнущ.

ЩІалэгъуэр зыхъэхьэмрэ **ГЪУЩІО Зарифи.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІыр хэхьным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Налшык къалэ ***№21/3-5***

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэм и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщнымкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 28 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 9, 10, 41 статьяхэм я пкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІыр хэхьным теухуауэ ирагъэкІуэкІа пхъэидзэм кьрикІуахэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м итха протокол №2-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІу зэпымыуу (штатым хэту) лэжьэну хэхьн **Джэш Вячеслав Мыцэ и къуэр**.

2. Мы Унафэр цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Интернет сайтым ильхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэр хэхьным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Налшык къалэ ***№21/5-5***

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэм и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщнымкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 28 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 9, 10, 41 статьяхэм я пкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэр хэхьным теухуауэ ирагъэкІуэкІа пхъэидзэм кьрикІуахэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м итха протокол №4-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэр хэхьным теухуауэ ирагъэкІуэкІа пхъэидзэм кьрикІуахэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 3 статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 9, 10, 41 статьяхэм я пкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Интернет сайтым ильхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарыр хэхьным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Налшык къалэ ***№21/7-5***

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэм и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщнымкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 28 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 9, 10, 41 статьяхэм я пкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь хэхьным теухуауэ ирагъэкІуэкІа пхъэидзэм кьрикІуахэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м итха протокол №4-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь хэхьным теухуауэ ирагъэкІуэкІа пхъэидзэм кьрикІуахэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 3 статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 9, 10, 41 статьяхэм я пкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь хэхьным теухуауэ **Атмурзаевэ Иринэ Ахьмэт и пхъур*.***

2. Мы Унафэр цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Интернет сайтым ильхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Ирхин Александр Геннадий и къуэр унафэ кьыщащтэкІэ Іэ иІэтыну хуиту Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м Налшык къалэ ***№88/12-1***

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэм и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщнымкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 28 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым хэхьным теухуауэ ирагъэкІуэкІа пхъэидзэм кьрикІуахэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м итха протокол №2-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэгъэхьным и Іуэхукіэ **Ирхин Александр Геннадий и къуэр**, 1952 гъэм кьалъхуар, профессионалнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэр, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и къудамэу Прохладнэ районым щыІэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІыр, комиссэм хагъэхьэн папщІэ «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кьигъэльэГъуар.

2. Мы Унафэр цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Интернет сайтым ильхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІыр гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м Налшык къалэ ***№88/12-2***

Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІу яГъэувын папщІэ кьыхалъхьа кандидатурэхэм хэпльауэ, «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэм и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщнымкІэ шэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхущхьэбзэхэм» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 28 статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 9, 10, 41 статьяхэм я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 8-м статьяхэм я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Закон №91-РЗ-м и 2 статьям, «Кирюнин Виктор Георгий и къуэм, унафэ кьыщащткІэ Іэ иІэтыну хуиту Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым, и кьалэнхэр щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и Іуэхущхьэбзэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 28 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и Іуэхущхьэбзэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федералнэ закон №67-ФЗ-м и 28 статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым и 9, 10, 41 статьяхэм я пкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Закон №91-РЗ-м и 2 статьям, «Кирюнин Виктор Георгий и къуэм, унафэ кьыщащткІэ Іэ иІэтыну хуиту Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым, и кьалэнхэр щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и Іуэхущхьэбзэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и Іуэхущхьэбзэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 3 статьям,

Мазихыр зыхуэдар

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Етхуанэ сабийр е нэхъыбэ къызыхэхъуа унагъуэ 476-м псэупIэ ираухуэн е къращэхун папщIэ сертификат 476-рэ хухахащ, абыхэм ящыщу 95-р мы гъэм и апэ мазихым. Унагъэшхуэу 33-м занщIэу яIэрыхьэу социальнэ дэIепыкъунхьигъэу сом мелуани 8,250-рэ еттащ, - къигъэлъгъуащ министрым. - Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрядубыхуэм тету къызыдогъэтащ. Апэ гупым ныбжьыщIэ 14978-рэ хэтщ. Абыхэм я нэгу зегъэужьыным, я узыншагъэр егъэфIкIуэным сом мелуан 76-рэ мин 888,5-рэ хуэхэтащ. Унагъуэ хуэмыщIахэм я сабийуэ 160-рэ тендджаз ФIыщIэм и IуфэмкIэ зыгъэпсэхупIэм дгъэкIуэнущ. ЩытыкIэ гугъум къихуэта цIыху ныбжьыщIэхэм нэхъ псынщIэу дальэIэсэн, защIэдгъэкъуэн папщIэ, 8-800-2000-122 дзыхь зыхуащI Сабий телефоныр нэгъабэ и жэпэгъуэ лъэндэрэр догъэлажьэ. Ар зыуэ щыт урысейпсо номёрщ. Гъэм щыщу блэкIа мазихым къриубыдэу сабийхэр залымыгъэм щызыхъумэ тхыгъэу 45-рэ газетхэм къытредгъэзащI, радиорэ телевиденэкIэ къедгъэтащ, ИнтернеткIэ зэбгредгъэхащ.

Тюбеев Альберт журналистхэм яхуиIуэтащ ветеранхэр псэупIэкIэ, социальнэ льготэхэмкIэ къызэгъэпэщыным тещIыхьа программэр зэрагъэзэщIар. ПсэупIэ кърадгъэкIэ Республикэм хэмрэ УФ-м ЩIыналъэ зыужьыныгъэхэмкIэ и министерствэмрэ мы гъэми зэращыIаущ зауэм хэтахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхум субвенцэу сом мелуан 14-рэ мин 542,5-рэ хухэхыным теуха лъэныкъуитI зэгурыIуэныгъэ. Гъэм зэрыщIидзаэр ветерану, хэкIуда зауэлIхэм я щхьэгъусэу 18-м ядэIепыкъуащ. А Iуэхур кьызэрыхалъхьэ лъандэрэ апхуэдэ щыкIэкIэ цIыхуэ 171-рэ псэупIэкIэ къызэрагъэпэщащ. Федеральнэ бюджетым щхьэхуэу мыльку яхухихмэ, зезыгъэтхуэу чэзум щыт ветеран 68-м мы гъэм защIэдгъэкъуэфынущ.

Министерствэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкIэнымрэ ныкъуэдакъуэхэмрэ зэякIэлъэпIэ, зыхуей хуагъаз. Апхуэдэ социальнэ Iуэхутхьэбзэу 692,753-рэ зэфIагъэкIащ. ЗылъэмыкIэхэм псынщIэу яIэзIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм щытыкIэ гугъум къихуэта цIыху 28.427-м Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэу 33.882-рэ хуащIащ.

- Мазих кIуам зи ныбжь хэкIуэтахэм дащыкIэлъыпIэ социальнэ Iуэхущ1аIпIэ зыбжанэ зэдгъэпэщыжащ, илъэсищ пIалъэм тещIыхьа «Ди нэхъыжьхъэр» республикэ программэ дгъэхьэзыращ, Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэуэ зэхIэзыгъэкIыну гуп хэхахэр кьызэдгъэпэщыну ди мурадщ. ЦIыхуэхэм нэхъ псынщIэу дальэIэсэн, нэхъыфIу защIэдгъэкъуэн папщIэ, «Зыуэ щыт социальнэ телефон», «Дзыхь зрагъэз сабий телефон» жыхуиIэ хэщIапIэхэр зэкIэлъыкIуэ щыкъуэу Iутхьэнущ, - жиIащ министрым.

ЕтIуанэ мазихым зэфIагъэкIыну я мурадхэм кьытеуавыIа нэужь, Тюбеев Альберт журналистхэм я упщIэхэм зэуап ятащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

● ГукъэкIыжхэр

Жамбот

Албиянрэ Женярэ

Авдан

БЕЗРОКЪУЭ Нинэ: Мартыновкэ щыЗэуахэм си дэлъхухэри яхэтащ...

Зи ныбжь хэкIуэтахэм куэд яхэтщ дыгъуасэ ильэсгъуэ щыгъупшэжауэ, ауэ Хэку зауэшхуэм и лэжьапI, абы ипэжкIэ я нэгу щIэкIа гуэрхэри Iупщу икIи гъэхуауэ къаIу этэжыфу. Апхуэдэущ си анэ Безрокъуэ Нинэ. И ныбжьыр ильэс 83-рэ хуэмыт, нобэ хуэдизу ещIэж и сабийгъуэм и нэгу щIэкIа куэд. И узыншагъэм тIэкIу кIэрыхуами, езэщ имыIэу и дэлъхуэм сыхьэт бжыгъэкIэ ятепсэльыхьыфынущ, и щхьэм щIэнщэу щызэтрихьахэр къритIэщIыжурэ, зы хьыбар кIапIэм телкIэ нэхъ тещIэгъуэныжь гуэрхэр ягу кьигъэкIыжу. И дэлъхуэм ящыщу хьар зауэм дэкIати, щым къагъэзэжакъым.

Мы тхыгъэр зытеухуар си анэ Безрокъуэ Нинэ Хэку зауэшхуэм теухуауэ кьиIуэтэжа и гукъэкIыжхэрщ.

Ди адэ Безрокъуэ Жамбот бын пщыкIущ дриIэт (щIалипщIрэ хьыджбзищрэ дыхьурт). Сэ сынэхьыщIэу иужь дыдэу 1928 гъэм сыкьалъхуащ икIи си закъуэщ нобэ псэужьр. У нагъу эм щIэс дэтхэнэми тщIэнрэ тшхьнрэ дгъуэту Лэсхэн ЕтIуанэ я къажэм дыщыпсэут Псори лэжьыгъэ IэнатIэ зырыз дыпэрыгт хэ ти Iэщыр зэрихьэт, хэти губгъу эмтт дарейхэр-ефжэт. Зэдэлъхуэзэшьпхъухэр дыщыIуэхуншэ зы махуи кьытхуихуакъым. Ди адэр ткIийт, щхьж и кьалэн игъэзащIэу дигъэсат. Ди анэр Елмурзайк я япхуэ Хутитят. Балькъэр лъэпкъым кьыхэкIауэ ди адыгэ зыблэм кьыхэжьыпсхьыжахэм яущыщт. Ди унагъуэ зышхуэ Iэщэр дждкъазрэ зэрикуэдам кьыхэкIкIэ, ди анэр пщэфIэнымрэ гъэш зехьэныжрэ зэззэмыззэхэт кьыщыдэхуэр. Ди адэм япэгъэIа и щхьэгъусэ Хъэцей Сэмат лъыгъэм илыкIа нэужь, ди анэр хьишэжри бынипIл эдэгъуэтыжат, ауэ зэи адрейхэм япэ дримыгъэщу дызэхуигъэдащ.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеяр нобэ хуэдэу сощIэж. Адрей унагъуэ мин бжыгъэм зыми зэрэзэ, дэ зэрыбынри зауэм дызэпищIат.

Си дэлъху нэхъыжьхэ Андулыхь Кьатхъэн Назир зи пашэу зэуахэм ящыщщ. Хэку зауэшхуэм и пэ кьыхуэу щIидзэри, илъэс куэдкIэ унафэщIу лэжьащ. Зауэзэманым кьызэрагъэпэщащ щыта 115-нэ Кавказ щууей дивизэр езыгъэжьахэм ящыщщ. А лъэхъэнэм бзэгузехьэхэм я зэранкIэ ягъэтIысу нэгъэщIащ щыпIэ яшахэм яхэтащ, Андулыхь ильэс 91-рэ кьиутIащ, абы и щхьэнтIэгъэр, и бынхэм ящыщу пхъунитIэ зи щIалэрэ нобэ псэухэщ.

Уэсмэн Москва инс титут кьащиухащ, Ростов и рабфакым, Геленджик дэта партшколым щеджащ. Иужькъэ партлэжьакIуэу, унафэщIу ильэс зыбжанэкIэ IэнатIэ пэрытащ. Зауэ зэманым партизанхэм яхэтащ, унафэщIхэм я гъуэсэу Куржы лъэныкъуэмкIэ ягъэкIуэу щыIащ. Зауэ нэужькым пщIэрэ щхьэрэ иIэу кьызэрагъэпэщащ ельэрызехьэхэм я унафэщIу щытащ.

Хьэжбгаря колхоз бригадиру лажьэу 1941 гъэм зауэм дэкIри, ар иухыих хэтащ. Зауэ лыгъейри нэмыщI гъэрзиIэ-ри игъэунэхуауэ 50 гъэхэм кьэдкуэжри, жыдкIэрэу колхозым щылэжьахэращ. Ильэс 95-кIэ псэуати, зы махуи лэжьыгъэншэ хьуакъым.

Хьэжмусэ зауэр кьыщыхьеям Лэскэн щыIэ фанер заводым и унафэщIт. Щхьэгъусэ кьишагъащIэу, бынитI ямыIэу зауэм дашри, 1944 гъэм Одессэ кьалэм километр 40-кIэ нэхъ пэмыжьыжьу щыкIэуащ. И ныбжьыр ильэс 32-рэ хуэуэ арат.

Уи щIалэм папщIэ тхыльэ кIуатыжыну кьоджэ, - жиIэу кьуажэ Советым и унафэщIым кьыщиIэхум, ди адэр Анзорей щыIэ военкоматым кIуаш. Дадэ и ныбжьыр ильэс 88-м нэсат абы щыгъуэ Iэ сыкьыщалъхуам си адэр ильэс 72-рэ хуэуэ?

Жьы ухъуамэ, уи кьуэхэр зауэ губгъуэм икъухьамэ, улэмэ, уи кхъалIэм кьыщIэувэну пщIым щыщу зы нэхъ мыхъуми пщIантIэм дэмысыкъэ, ди адэм и гур кьыззыихьэнтэкъэ. Лэскэн псыхъуэмкIэ кьэкIуэжу гъуэгу здытетым, кьыззыихьэри джэлауэ щытащ. Псым кьыхахьыкри, шыгукIэ кьытхуащэжауэ зэрыщыIар и гугу щIэтщ. Хьэжмусэ зэрыщIэдзар ильэс 95-кIэ тхыгъэмкIэ тIэкIур псыф хъуауэ и жьпым кьрахьжат. Ильэс 95-кIэ псэу ащ си адэр.

Хьэжмусэ щыхэкIуэдар Одессэ пэмыжьыжьэ Петродолинское кьуажэрщ. Си щыхьэ нэхъыжьхэ. Лагуэ щыпсэуэм щыгъуэ ди дэлъху Албиян (Одессэ щыпсэуэр) ди гъусэу 1982 гъэм дыкIуауэ щытащ а кьуажэм. Зауэкьэ щыкIуэнкьэ ящIащ. Драгъэбл зыгъэт. Зауэ зи хэкIуэдахэм я щIэ-унэщIэхэр зытет фэеплым ятэ дыдэу тетхар Безрокъуэ Хьэжмусэт. Кьуажэ школым тхыдэмкIэ щезыгъаджэ цIыхубзыр еджакIуэ щыкIуэр щыгъуэ фэеплым кIэльыплъыт, хэкIуэдахэр зыщIэ лъ кхъэхэр кьабзэу зэрахьэрт. Дэ письмокIэ дыкъэзыгъуэтэу ящ аэрат. Абыхэм я фIыщIэкIэ ди льэр нэтхъэсауэ щытащ ди Хьэжмусэ зыщIэлъ щыпIэм.

И кьуэхэр псорэ щыдзкIам, ди адэм жиIауэ сощIэж: «Псом нэхъыф нэхъ кьызохъэльэкI си кьуэрыльхуу цIыкIу Хьэчим (Андулыхь и кьуэрат) зауэм зэрашар. Ар сабийщ, ильэс 19 хуэ а кьудейщ».

Безрокъуэ Хьэчим Москва кооператив институт кьыщиухащ. Ар дзэм хэтащ 1941 - 1947 гъэхэм икIи зэрихьа лIыгъэм папщIэ орден, медаль куэд кьратащ. Зауэм уIэгъэ хьэлъэ щыхьуу кьигъэзэжа нэужь, ильэс куэдкIэ унафэщIу лэжьащ. Хьэчим 1989 гъэм дунейм ехыжащ, хьыджэбзитI кьызщIэнащ.

Авдан Ростов кьалэ щыIэ, ухуакIуэхэр щагъэхьэзыр техникумым щеджэу зауэр кьэхьеят. Ар 1941 гъэм даша ятэ гупэм ящыщ. Авдан зауэм зэрагъакIуэр кьыщищIэм, си адэлъху нэхьыжь Андулыхь тридзэрэ, Ростов кIуат. Общежитым щынэсым, Авдан кьидедкъу щIалэр вокзалым кьыкIырча кьудейуэ хуэзэри, кьыжриIащ: «Сыхьэтитl кьудей хьуауэ араш мафIэгур зэрытекIрэ. Уи кьуэшыр дашащ». Авдан щежьэм шей зэрефа кружкэр стIолым тетти, Андулыхь ар Лэскэн щыIэ щхьэкIэ щытащ, Авдан и зы письмо кIапи эзи кьытIэрыхьакьым. Могилев кьалэм деж зэрыщыкъэдар иужькIэ кьытхуатхауэ щытащ. Щхьэгъуэи быни ниIакьым. Ильэс 26-рэ зи ныбжь щIалэ зэкIуэт.

Албиян Псыхуабэ рабфакыр кьыщихуауэ Киев кьалэ щыIэ лъэсыдзэ училищэм щIэст. Ильэс 25-кIэ дзэм кьуэлыкъу щищIэну Iэщlагъэу кьыхихат. Зауэм и пэ махуэм щыщIэдзауэ ихухьу зэтащ. Бублин кьалэм нэсэхэм ящыщщ. Вагъуэ Пльыкь орденымрэ медаль зыкъомрэ кьратауэ, 17-рэ уIэгъэ хьэлъэ ящIауэ зауэжьыр ихат. Зауэ нэужьым Германием ильэс зыбжанэкIэ кьулыкъу щишIащ. ИужькIэ Одессэ кьагъэкIуэжри абы щыпсэращ. Ильэс 66-рэ хуэуэ дунейм е хьыкащ. Зауэ нэужьым унагъуэ ихухэри, зы кьуэ закьуэ кьыщIэхъуати, ари пасэу дунейм ехыжащ.

Чэруан зауэм и пэ мэкъумэш техникум кьиуахуэ райисполкомым щылэжьащ, «Ленин гъуэгу» газетым и журналистуи щытащ. И ныбжьыр ильэс 20-м щIигъуэ кьудейуэ зауэм дашри, 104-нэ артиллерие полкым хэту зэуащ. Кьардэнгъущ Зырамыкиу и гъусэу фашист лъэхъуэщым исащ. ИужькIэ франджыжым ящIыгъуу, партизанхэм яхэту батальоным и командиру зэуащ. Лейтенант нэхъыжьку зауэр ихуащ. 1946 Ерокъуэ заводым щыIэжащ. Ар фIыуэ еджат, техник э хъуамэ, зыхимыщIыкI щыIэтэкъым. Ильэс 83-кIэ псэуащ. Майм и 9 маху эшхуэ зэдагъэльапIэм дунейм ехыжащ. КIуритIрэ зыпхъурэ кьыщIэнащ.

СультIан си дэлъху нэхъыщIэ дыдэ т Ильэс 16 фIэкIа хъуатэкъым (ебгъуанэ классым щIэст) зауэм щыдзкIам. Уэрэд жыIэным хуригъаджэ, навырапщэхэр игъасэу Кадушкин и унэщIэу ди школым зы щIалэ щыIат Сультlан цIыкIуи абы и гъэсэнхэм ящыщщ. «Си кьуэш нэхъыжьхъэр здэкIуа зауэм сэри сыкIуэнущ», - жиIэри, и ныбжь иримыкъуа тэтми, 1942 гъэм накьыгъэм и 17-м 115-нэ Кавдвиизэм хэту дашауэ щытащ. Нобэ хуэдэу сощIэж си анэм и дэлъху Елмурзай Асльэн и кьуэ Мусэ, Келды Нэхунэ и кьуэр (и щIэр сщIэжыркъым), си дэлъхуэр зауэм зэрыкIуар (псэууэ кьэзыгъэзэжар Келдыхэ я щIалэ закьуэрт).

Ростов областым хыхьэ Мартыновкэ кьуажэм и деж СультIанрэ Мусэрэ щыхэкIуэдащ. Зы письмо закьуэ фIэкIа кьытIэрыхьакъым. СультIан цIыкIу кьитхуэу сощIэж: «Нэмыцэ кхъухьлъэтэхэр дзэ фIыщIэм хуэдэу кьытщхьэщытщ, абы кьыкIэльыкIуэу танкхэр кьыдобгъэрыкIуэ, ди щхьэр кьыдагъэIэтыркъым. Мы письмом и ужьыз зыри нэзмытхээ, сызэрымыпсэужыр абыкIэ кьэфщIэнщ...».

Зауэр ихубу кьэкIуэжа нэужь, Чэруан кьиуэтэжауэ щытащ мыпхуэдэу: «Сэ сызыхэта дзэ частыр Ростов облдзэстым дыщикIым, СультIан цIыкIу абы зэрыщыIэр сщIэри, Мартыновкэ и деж кьыщызгъуэтэу щытащ. Iэщэ ныгъыу постым тету сыщыбгъэдэльадэм кьэгуфIащ, ауэ апхуэдизкIэ сабийт, дзэ хабзэр кьызэпIыбуд мыхьэну кьыщыхьуртри: «Сэ постым сытету сыпсэльэнуи сыукIыну сыхуиткъым», - кьызэкIиауэ щытащ. «ФагъэмэжалIэр, фи Iуэху дауэ щыт?», жысIэу сыщIэупщIым, - «Игъэуей кьуажэхэм губгъуэмкIэ жэщым докIуэри, кумыс дофэри кьыдзэзгъыркъым, ди ныбэр зэIегъэхьэ. Ди командирхэр абы щхьэкIэ мэшхыдэри дыкIуэу ядэркъым». И фочыр бгъурыту, и щхьэр Iэтауэ зэрэIэтэу зэ щIэтIым, ахъщэ жиIэ ятIэкIу сыгъти и жыпым хуискIутащ. «Зыгъуэ тIэкIу кьрищэху», - жысIэри Iэплъэ есщэкIыжри сежьжащ (сызыхэт частым сыкъыкIэрыху хьунутэкъым). Зэкьуэшитlыр яужь дыдэу дызэрыльатIыжащ ерагъэт.

СультIанрэ Мусэрэ щыхэкIуэда Ростов щыналъэм щыщ Мартыновкэм и цIэр Чэруан ручкэкIэ кьитхъыхьауэ атлас-картэ цIыкIур псэуху зэрихьащ, ноби и унагъуэм ильащ.

Зауэр ихуа нэужь, Елмурзай Мусэ и анэ Дисэ кьуэрыльху щIалэ цIыкIу кьыщыхуальхуам Мартин цIэуэ фIищауэ щытащ, си кьуэр щыхэкIуэда кьуажэм и цIэр щыжьыгъуэ папщIэ жиIэри. Ноби Лэскэн ЕтIуанэ кьуажэм щопсэу Мартин, и адэ кьуэшыр щаукIа кьуажэм и цIэр зэрихьэу.

Куэд сощIэж сэ. Мазэ бжыгъэкIэ цIыкIуи инри кьэтIIауэ щыта щIытIэхэр танкIэ ясенжэри кьэмыувыдэу нэмыщIхэр икIи уэ щIалэ. Безрокъуэ Iэмитхэ я щIалIэм дежи нэмыщIуэ ящIауэ гъэрхэр румынх зи яхуэмэрт Шхын щхьэкIэ лIэхэрт а Iуэм и ди зауэлIхэр. ЗыкфIэсэкIуэдхэм зыгъэр тIэкIухэр хущхьэпрадзурэ зэрарихьу эрт. СощIэж си анэм мыхъ-мытIэу хьэлIамэ куэду игъавэурэ пэгункIэ яхуэзигъэхьу, зэрыщытар. АпхуэдизкIэ кьэщIалIэхэти, зэгуэр ящыхьэзэрри си пэгунитIыр зэхапIпIауэ щытащ.

Фронтым Iуту си дэлъхуэх зауэм и гуащIэгъуэм хэтащ, щым кьагъэзэжакъым, ауэ зыщIыпIэ и деж я цIэр кьыдэзрыщIыхэмыщIр хуабжьу сигу кьоуэ.

Сыт зауэжьым кьытхуихьар? Ди адэм кьуэпщI иIати, абы кьалъхуам кьалъхужаэ нобэ щIалэ цIыкIуищ кьудей кьуэпсу диIэжу аращ.

Безрокъуэ Жамбот университетыр кьиухауэ дзэ докутыру мэлажьэ (Хъэмэн и кьуэрыльхуэ, дадэ и цIэр зэрелхъэ);

Безрокъуэ Залым Санкт-Петербург институтым щоджэ (Хьэжбарэ и кьуэрыльхуэ);

Безрокъуэ СультIан цIыкIу ди кьуажэ школым фIы дыдэу щоджэ (Чэруан и кьуэрыльхуэ). Ахэращ ди адэм и кьуэпсыр хэзымыстхэуэдэжу зыгъэбгъэуфну дызышыгугъыр.

Зытхыжар

БЕЗРОКЪУЭ Мартэщ.

Хьэжмусэрэ и щхьэгъусэ ПщыухI Хьулимэтрэ

СультIан

● Къэрал Iуэхущ1аПIэхэм

Езыхэм иратхэжын хуейщ

Урысейм и ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къызэригъэувым тету, «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-м цIыхухэм Iэмал яритын хуейщ къагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр къызэрапщытэ я Iэмэпсымэхэм къагъэлъагъуэр езыхэм квитанцхэм иратхэжыну. Фитгу къэдгъэкIыжынщи, «Кавказ щIыналъэ газэ» обществэм (иджырей «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газэ» ООО-м) газ уасэр зэрыIах тхыльхэм Iэмэпсымэхэм къагъэлъагъуэхэм емыдлаIуэ нэгъуэщI бжыгъэхэр зэрыритхэм цIыхухэм я тхьэуасыхафэ хэшIыпIэт. Абы щыгъуэми, 2006 гъэм накьыгъэм и 23-м УФ-м и Правительствэм и Указ №307-мкIэ къащта щIыхьэ щыгъэбеелджылащ къагъэсэбэпа газым и уасэр зэрыIах тхылым и графа хэхахэм къызэрапщытэ Iэмэпсымэхэм къагъэлъагъуэхэр ахэр зейхэм иратхэжын зэрыхуейр.

Урысейм и ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къызэрыхъэзэбэпхэм я сэбэп зыхэлъхэр кьызэпызыуд, антимонопольнэ законодательствэр зыныгъэзащIэ обществэм хуэгъэзауэ Iуэху кьиIэтащ икIи щхьэцIфIэфIагъ зэрызэрихьэр сэтей кьищIащ. Абы хуагъэуващ а мыхьэмщIагъэр игъэувыIэну.

Бадзэуэгъуэм и 3-м ФАС-м и щIыналъэ къудамэм кьыIэрыхьащ а ныкьъсанытIэр зэрагъэзэкIуэжам теухуа хъыбар.

Газыр зытым («Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газэ» ООО-м) бжыгъэхэр зратха квитанцхэр ныфхуигъэхьмэ, Урысейм и ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм хьэрэхэрыгъэр хъумэнымкIэ и къудамэм 40-91-05 телефонымкIэ фIыкьэпсалъэ.

УЭРКЪУАСЭ Кариз,

Урысейм и ФАС-м и республикэ къудамэм и пресс-Iуэхущ1аПIэм и лэжьакIуэ.

Гулъытэ хуащI

СОЦИАЛЬНЭ страхованэмкIэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Барокъуэ Ахьмэд LADA-2107 автомобилхэм я Iункьыбзэгъуэхэр къэрал лэжьапI Iэнатlэм фбжь щызыгъуэтахэм ящыщу цIыхун 9-м яритащ.

2000 гъэм кьащта Федеральнэ законым, лэжьапIэм фбжь щызыгъуэтахэм, зыпэрыт IэнатIэм и зэран къекIуэу сымаджэ хъуахэм яхуэгъэзам ипкъ иткIэ, апхуэдэ цIыхухэм социальнэ страхованэмкIэ фондым кьыбгъэдэкIыу ахъшэ кьаIэрохьэ, медицинэ Iуэхутхьэбзэкэм трагъэкIуэдэну мыткьри кьрат. Мыбдежьым кьыхэгъэщIапхъэщ апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ кьыпхущIэн папщIэ, лэжьапIэ укьызэращтамкIэ зэгурыIуэныгъэ щыIэн зэрырыхуейр, абы тету Iуэхущ1аПIэм УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым взносхэр зэрызхигъэхьыпхъэр.

Пэжьыгъэ IэнатIэм фэбжь щызыгъуэтахэм, узыфэ гуэр кьыхэзыхахэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэ нэхъыщхьэмэ ящыщщ ахэр автотранспорткIэ кьызэрызэрагъэпэщыр. Ягъуэта ныкьъуэдыкьуагъым елъытагъэ, дэтхэнэ зыми машинэр езым нэхъ тыншу къызэрырихуэкIынум теухуауэ заводым щызэпкъраугъхэ.

Законыр зэрыщIэлажьэ зэманым кьрыубыдэу социальнэ страхованэмкIэ щыналъэ фондым щыхуи 159-м машинэхэр яритащ. Мы илъэсым а Iуэхум трагъэкIуэдащ сом мелуани 2-рэ мин 43-рэ.

щхьэщэмыщI Изз.

●Дзэлыкъуэ куей

Лэжьыгъэхэр зэпыуркъым

Дзэлыкъуэ районым мы гъэм нартыхуэр гектар мин 12-м, бжыгъэкэ гуэдзыр гектар мини 5-м щиащIащ.

ИДЖЫПСТУ губгъуэ лэжьыгъэхэр нэхъ зытетъэщIар хьэсэ зэхуакуэхэр пщIэнымрэ уэлбанэ кIыхьым и зэранкIэ багъуэу хуежьа хьэпIащIэхэм химие щхъухьхэмкIэ ебэныным.

Мы районым щыIэ мэкъумэш Iуэхущ1аПIэхэр иужьрей илъэс зыбжанэм хунэсащ зыхуеину техникэхэмкIэ хъарзынэу зыкьызэрагъэпэщыну. Абы и фIыгъэш гъатхэ зэн-сэнэр щетхэкIуэкIыну хуей пIалъэм фIимышу кьызэрырахьэIар, иджы зи чэзуэ лэжьыгъэхэри зэрыгъагъэкIуэжIар.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и мэкъумэш Iуэхущ1аПIэ 12-м я Iэщхэр Хьэмащэ, Аурсэнтх, Къуратыу хъупIэхэм яшэну хунэсащ. Бжьыхьэ кIасэм нэсыху а щIыпIэхэм ящыщу Iэщ лъэпкъыфIу 7,248-рэ, мэлу 5.000, щыуэ 536-рэ.

Хозяйствэхэм я нэхъыбэм я жэм кьащхэр мы гъэм фермэхэм щаIыгъыну трауэхуащ. Абы куэдкIэ жэмышхэм я хьэлэмыр кьащIигъэсынщIэнущ, шэ кьыщIашыр щынэм гугъу дехьынукъым, гъэшым щелэжь Iуэхущ1аПIэхэр зэрапэгъунэгъуэм кьыхэкIыу. Дзэлыкъуэм и хъуп бэгъуэм гъэмахуэ псом хэтыну Iэщым зэрызэужьыныуми зэрыбгъэгъэнуми шэч кьытрахьэркъым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэкIэ куей управленэм и Iэщ1аГъэлIхэм.

ЛъОСТЭН Муэз.

●КъБР-м и прокуратурэм

ЗэуIуу къызэрагъэпэщ

Мы гъэм и етIуанэ мазищым республикIэм и прокуратурэм щрагъэкIуэкIащ коррупцэм пэщIэтыныжкIэ Iуэхущ1аПIэхэм зэдай, зэпымыуэу лажьэ гупым и зэхьыхэр КъБР-м и щхьэхуэм IэнатIхэм я унафэщIхэм я зэзэгъыкIуэ щыIащ. Абыхэм щыIэзэпкъраугъэхэр зэрапэгъунэгъуэм кьыхэкIыу. Дзэлыкъуэм и хъуп бэгъуэм гъэмахуэ псом хэтыну Iэщым зэрызэужьыныуми зэрыбгъэгъэнуми шэч кьытрахьэркъым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэкIэ куей управленэм и Iэщ1аГъэлIхэм.

ЛъОСТЭН Муэз.

ЩIыпIынэ Мусэ

● Пэрытхэр

ФIы зыщIэ фIы хуозэж

УнафэщI нэс къыпхэкIын папщIэ, уи Iэщlагъэ нэхьыщхьэм нэмыщI, нэгъуэщI Iуэху куэдми фIыуэ зэпщIыкIыу ущытын хуейщ. Си тхыгъэ кIэщIымкIэ фэзгъэщIыхуну ЩIыпIынэ Мусэ инженерщ, токарщ, агрономщ. Иджыпсту зыпэрыт кьулыкъум нэсын и пэкIэ, ар инженер у, токарщ щылэжьащ Бахьсэн дэт «Лимб» заводым, агроном нэхъыщхьэу щыIащ Калининградэ областым щыщ Тишина кьуажэм, иужькIэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмэ щылэжьащ.

2003 гъэм �щIыпIынэр «Шэджэм куейгаз» Iуэхущ1аПIэм и унафэщIу ягъэуваущ щытащ. ИльэситIым кьриубыдэу Мусэ IэнатIэр иригъэфIэкIуащ. Абы и кьаруи, щэныгъи, зэфIэкIи Iуэхур кьэIэтыным, лэжьыгъэ псори хабзэм кьызэритIасэм хуэдэу зэтеубIэным хунгъэпсащ. Лэжьыгъэм хуэIэижку гу зылььэта щIалэщIэр кьыгъэжьыну.

Мазэ зыбжанэ хьууэ аращ Мусэ Бахьсэн куейм зэрыщыIлажьэрэ, ауэ а зэман кIэщым кьриубыдэу абы Iуэхуфl куэд хуэзэфIэкIащ, кьыдэлажьэхэми IуэхутхьэбзэкIэ кьыбгъэдыхьэ цIыхухэми фIыуэ закьригъэльэгъуащ.

- Дэтхэнэми хуэнабдзэгубдзапIэ, цIыхухэшхуэ зыбгъэдэль унафэщIыр Щ1ыпIынэр, - жиIащ абы. - Мусэ хуэдэу гуапэу цIыхухэм епсэльэф, сыт хуэдэ Iуэхуми кэкIыпIэ кьыхуэзыгъэутыф унафэщI щыIэу кьыщIэкIынкъым. И насыпщ апхуэдэ бын зи1эми ар зи унагъуэ щыIхьэжми.

Псом хуэдэжкьым Мусэ зи ныбжь хэкIуэтахэм яхуищI пщIэмрэ гулыытэмрэ. Апхуэдэхэм я Iуэху дэкIуэу я лIьагъуэмэ, абы кьаруущ» кьезыт дрэжьгъэу я гетыят.

«ФIы зыщIэ фIы хуозэ», - жиIэ адыгэ псальэжьми, ЩIыпIынэ Мусэ и цIыхуфIагъымрэ гуапагъэмрэ лъэужьыншэ, жэуапышэ зэи хъунукъым. Мурадыфlхэр зи1эу льагъуэ пэжым ирикIуэ щIалэм сохьэуэхьу уэ1ышагъэ и1эу куэдрэ и IэнатIэм пэрытыну, цIыхухьэ кьыз1эрыгуэкIхэм яхуищI гулъытэм кIэрымыхуэу лэжьыну.

КъАРАЩЭН Мухьэмэд.

Бахьсэн кьалэ.

Пагуэрэ Нинэрэ

Юсеф ас-Сибаи

ФитІнэ лъапсэ

Романым щыщ пычыгъуэхэр

(КІэлыкІуэр. ПэщІадзэр №130-м итщ).

ПщІантІэм зэхэтщ ІэпасІэмакъыр увыІа нэ ужь, зыстхьэщІщ, си щыгъыныр зэсхьуэкІри уэрамым сыдыхьащ. СызэдгъэІэщІэн щыІэкъым. Си гур Іэфі хуэщІ, ягъэ сызэрихьэлІэм Іэплі есшэкІынущ.

«Къуелісыз зыдэс хьэбгъэ сыдыхьащэрэт! - жысІащ, сызэдкІуэм. - Зыгуэр яхуэсщІэнт, сахуэ упэсэнт!» Къуелісыэр тхьэмыщкІэрэ зыдэмыс хьэблэ щыбгъуэтын ди кІалэм! КъыфхуэзбкэкІын: Булакъэ зы, ал-Келлэ тІу, Сейдэ Зейнэб щы, ал-Хьусейни плы, Таргуман тху... Зым нэхьрэ зыр нэхъ тхьэмыщкІэщ, дзэ хьэблэ дыхьэ: зыр сымадзэщ, зыр ныбдаджэ, зыр ныкъуэдыкъуэщ, зыр мэжэщІалІэщ, зыр малІэрн тельащ...

Ал-КеллэкІэ сунэтІащ, нэхъ гъунэгъути. Трамвайм е ав тобусым уитыкъэкъэ сымаджэщыгъэ нэс уиІуэмэ, мэжалІэ деж щепсыхи, Хьэжрэт уэрамым дежь къущкиІ, адэкІэ лъэбакъуищэ хуэдизт пчыкмэ, ал-Келлэ унэсащ. Ар Кьаир и курыкупсэщ.

Трамваи авт обуси ситІысхьакъым: уэрамыр зэвыбгэщи, трамваи автобуси дзэзгъэнукъым. Араш тхъэ щыщІэ: Іуэжыр: дзэзгъэнукъым! Уэзирхэр нэхъ щыгъуаэз хьунщ абы. Нэхъ щыгъуаэз хьунти, араш трамваи автобуси мы уэрамым кІыщІадмэуитыпщхьар. Си Іуэху яхэслъхьэркъым: захуэ хэпыщ уэзирхэр. Уи лъэм уэзрихьэмэ, уэзирхэм ауащІыщыгуГэн щыІэкъым. ИлъэсищІэм щІигъуащ мы уэрамыр зэрыпхашІэрэ. Ильэсищ м кІуэщІкІэ зы уэзирым игу къэкІыжакъым мы уэрамыр. ЯхущІыхьа хьункъым. Захуэдгъэгуэнкъым: Іуэхум щІигъэнащ ди уэзирхэр. ЯхущІыхьэмэ, гу кьыпІьатэнщ дянэкІэ...

ФыгъэщІэгъуэнщ фэ! Ал-Келлэ уэрамыр пхъэнкІий идэыпІэ хьуамэ, уэзирхэра зи лажьэр? Уэзирхэр маршынэкІэ фІэкІа зекІуэрыкъым, Іэмал имыІэу щыт уэзирхэр мы уэрам фІейм кьыдэмыхьэнкІэ! Нэгъэуэщ уэрам щыІэкъэ? Гуэнэщ. Кьабзэ лъабзэу, зэщІэнхьэнкІауэ. Емынэм зэрихуэрэ: сыт мы уэрам фІейм кьыдэдзэрыхьынур уэзирхэр? Мыбы и закъуэ? Зэуранн, Хьалифэн, Мэамуни, Докьун, Эмалыкъ щІыдыкъэзэ щыІэкъым уэзир хэмрэ къулькъущІэхэмрэ. Дыхьэмэ, я напэр текІынущ, цІыхуфэ къраплъыжынкъым итІанэ. Я напэр текІхуэрэ уэзирхэ эмрэ къулькъущІэ хэмрэ? Тхьэм жимыІэкІэ! Аракъэ щІэуэзнирри щІэкъулькъ ущІэри, я напэр текІ хьункъыми!

Уэзирыр, е, сэ сщІэрэ, кхьлэм и тетыр кьыдзэгъэхьащэрэт мы уэрамым. ЖаІэнур фщІэрэт: я кьуэдзэхэр кьраджк энти, бзаджэ трагъхьэнт, «Дауэ ар! - жаІэнт. - КьыпІэ и курыкупсэр пхъэнкІий идэыпІэщ, ар фигу щхьэ текуэрэ?». Зи пщэ дэлыр кьраджэнтиІ, кьыпагъэжьыжьнт, текІиент. Зы тхьэмахуэ дэкІынтэкъым: уэрамыр зэщІапхъэнжьнт, къуэдзаІэ тетми, кущІэ джэгупІэ тетми, гъуэмбырущ тетми трагъэкъэбзыкІынти, уэрамыр цІыхум хуит хуащІынт, хьэблэри кьщІэрэщІэжьнт, псыри бжьамийкІэ хьащэнт...

Арат сызэгупсысыр, уэрам зэвым сыдэзэрыхьаэу сыздэкІуэм. Зыгуэр яхуэсщІэфын хуейщ мы уэрам фІейм дэкІуаэ тхьэмыщкІэхэм - ар си щхьэм икІырыкъым, яхуэсщІэн хуеймрэ схуэзэфІэкІынмрэ согупсыс.

Блыным зыкІэригъэщІауэ сабэм хэс факьырэм и Іэр кьнишящ. И лъэгуажьэм нэс пытыжкъым тхьэмыщкІэм, зэрыльашэм ищІыужкІэ и Іэ сэмэгури пытыжкъым. Зэрыныбаджэм шэч хэлъкъым: Тхьэм ищІэнщ и ныбэ из хьуку щышхар - езы дыдэм ищІэн хьункъым. Сыкъышцилъагъум факьырэр нэжэгужэ къэхьуащ, зыкъкІэт хуэдэуи зиІащ. Си жыпІэм сиуащ: дауэ сыблэкІынт тхьэмыщкІэм! СщІэрыкъм асыхьэтым сигу кьыщІэкъжар: «Уэрамым дэт факьырэм дзыхь хуэпщІ хьунукъым, дэкум хуэдэу укитІэнщІэнуэрэ ежьажьнущ - ар жаІэу зэхэсхат зыбжанэрэ, гъэт тхэми сыкьыщыджат. Си фІэщ хьуатІ, факьырэ срихьэлІэ щхьэкІэ, гигу ящІэгъуртэкъым, зы хьурыщи ест си хабзэтэкъым.

Иджьпсту сыблэкІыфынукъым: хьэлэл хущхьэу сызэрефэрэ зыхэзна хьунщ а хьэл мыхъумыщІэр. УкъэзыгъэпщІэни кьобзэджэкІыни яхэтынщ факьырэм - мэлиущ щІакъуэншэ хьуркъым. Зым и эзран щэм щІекІи хуейр сыт? Хьэуэ, ар хьуитхьэм. Зы ищІ, факьырэм сыблэкІыни си гум кьыскхуиДэнукъым. И Іэр кьишияуэ, дауэ сыблэкІынт!

Зиусхьэн! Уа, зиусхьэн! МахуитІ мэхъури дзэкьэгъуэ сІухуакъым!

Ныбаджэщ жысІатэхъэ! Ахъшэ щыкимыІэкІэ, и ныбэ из хьуху згъэшэнщ тхьэмыщкІэр - псапэщ.

- МахуитІ хьуауэ уэзрымышхар пэж? - соупщІ факьырэм.

- Дыгъуасэ пщэдджыжь льандэрэ! Зы дзэкъэгъуэ екахьым си джийм! Алыхьыр пщІэжмэ, зы хьурыщэ кьыдэт: зы хьэлывэ къэсщэхунт , мыхьуми!

- Си кьуэш, зы хьэлывэм сыт кьыдэкІуэщІэн? Уи ныбэ из хьуху узгъэшэнщ.

- Зы хьэлывэкІи зызгъэнщынущ, зиу схьэн. Зы хьурыщэ кьыдэт.

- Хьэуэ. Сэри сомэжалІэри, дыдэдзкэнщ. Зы хьэлывэм зыри кьыпхуущІэнукъым.

Факьырэр кьыдэпІащ: «Делэ мыр хьэмэ кьыдещІы-хьэшхэ?», жиІа хьунщ игукІэ. ЗигъэтхъэмыщкІаФэри:

- Зиусхьэн! Факьырэм ущымыщІыхьэш! - жиІащ. - Гуэныкъ кьыбдохь.

- Хэт кьыпщІыдыхьэшхьэр? Сэ си фІэщщ.

Сытми, кьытезгъэхьащ факьырэр. ЩІакъуэ баШыр зыщІигъкъуэрэ кьыхэфІэщащ, кьыхьэрэ зы гурыуэращ, ней-нейуэ кьыскхуопльэкІ.

Уэрамым сыздрикІу эн, нэхъ шхапІэфІыуэ сольыхьуэ. Си гуи кьокІ: унэм сщІэрэ зэнэ шхын езгъэшхэм, щхьэ мыхьурэ? Факьырэм-рэ сэрэ дыз эщІыгъуу дыкъалъагъуэм, кьызапльынкІэ хьуну фэр дзэ щыпщІэн - Іэджэм хуахьынущ. Сэ схуэдэ зиусхьэн зэгъэпэщар факьырэм дэшх эрэ! Унэм сошэри, си фызымрэ си щыкІу анэмрэ я нэр зэрагъэдзэкІынщ: «Мыбы кьыгъхуилъэфар сыт!» КьынэмыщІауи, мастэ кьызэрыхьалъ льандэрэ ягу кьыхьжагъэнкъым. Е, уэрамыщхьэм дыте увэу, щІакхьуэ бзыгъэрэ лы Іыхьэкъэ дыз эфІэкІынт?

А псом сыздегупсысыкъ, си нэр щхапІэ зыкъызыхъгуэрым хуэзащ: «Хьэжы Абдел Кьадер Ид и щхапІэ». Хьэрыпльэпкъ щхыныгъуэщ щагъэхьэзырыр. СызыхуэфІдыдэм дрихьэлІа сфІощІ. Щыхуу куэд щыпэкІынукъым льэпкъ щхынигъуэщ щагъэхьэзыр щхапІэм - я щхьэм тралъхьэнукъым... Щыхуу куэд щымыпэкІуэмэ, нэхъ къэсщІэнущ: Факьырэр зэрыскІэрэІуам сроукІыт?...

Бжьыныжу шыпсрэ лы гъэварэр сигу кьихьащ - Абдел Кьадер и щхапІэм щыдгъэзэнт хуейщ.

Факьырэм и Іэблэр соубыдри щхапІэм дыщІохьэ, зы пІанэпэ дыдотыІсхьэри, си Іэгур зэтызогъауэ - зыри кьыдбгъэдыхьэркъым: щыхур Іувщи, Іэнэзэхьэм кьажьыхь. Апхуэдиз щыхуу щІэсин си гугъаныкъым щхапІэ щхынигъэщ щагъэзэжьнт, псыри бжьамийкІэ щхьэнт...

Арат сызэгупсысыр, уэрам зэвым сыдэзэрыхьаэу сыздэкІуэм. Зыгуэр яхуэсщІэфын хуейщ мы уэрам фІейм дэкІуаэ тхьэмыщкІэхэм - ар си щхьэм икІырыкъым, яхуэсщІэн хуеймрэ схуэзэфІэкІынмрэ согупсыс.

Блыным зыкІэригъэщІауэ сабэм хэс факьырэм и Іэр кьишящ. И лъэгуажьэм нэс пытыжкъым тхьэмыщкІэм, зэрыльашэм ищІыужкІэ и Іэ сэмэгури пытыжкъым. Зэрыныбаджэм шэч хэлъкъым: Тхьэм ищІэнщ и ныбэ из хьуху щышхар - езы дыдэм ищІэн хьункъым. Сыкъышцилъагъум факьырэр нэжэгужэ къэхьуащ, зыкъкІэт хуэдэуи зиІащ. Си жыпІэм сиуащ: дауэ сыблэкІынт тхьэмыщкІэм! СщІэрыкъм асыхьэтым сигу кьыщІэкъжар: «Уэрамым дэт факьырэм дзыхь хуэпщІ хьунукъым, дэкум хуэдэу укитІэнщІэнуэрэ ежьажьнущ - ар жаІэу зэхэсхат зыбжанэрэ, гъэт тхэми сыкьыщыджат. Си фІэщ хьуатІ, факьырэ срихьэлІэ щхьэкІэ, гигу ящІэгъуртэкъым, зы хьурыщи ест си хабзэтэкъым.

Иджьпсту сыблэкІыфынукъым: хьэлэл хущхьэу сызэрефэрэ зыхэзна хьунщ а хьэл мыхъумыщІэр. УкъэзыгъэпщІэни кьобзэджэкІыни яхэтынщ факьырэм - мэлиущ щІакъуэншэ хьуркъым. Зым и эзран щэм щІекІи хуейр сыт? Хьэуэ, ар хьуитхьэм. Зы факьырэм сыблэкІыни си гум кьыскхуиДэнукъым. И Іэр кьишияуэ, дауэ сыблэкІынт!

«Къуелісыз зыдэс хьэбгъэ сыдыхьащэрэт! - жысІащ, сыздэкІуэм. - Зыгуэр яхуэсщІэнт, сахуэ упэсэнт!» Къуелісыэр тхьэмыщкІэрэ зыдэмыс хьэблэ щыбгъуэтын ди кІалэм! КьыфхуэзбкэкІын: Булакъэ зы, ал-Келлэ тІу, Сейдэ Зейнэб щы, ал-Хьусейни плы, Таргуман тху... Зым нэхьрэ зыр нэхъ тхьэмыщкІэщ, дзэ хьэблэ дыхьэ: зыр сымадзэщ, зыр ныбдаджэ, зыр ныкъуэдыкъуэщ, зыр мэжэщІалІэщ, зыр малІэрн тельащ...

Ал-КеллэкІэ сунэтІащ, нэхъ гъунэгъути. Трамвайм е ав тобусым уитыкъэкъэ сымаджэщыгъэ нэс уиІуэмэ, мэжалІэ деж щепсыхи, Хьэжрэт уэрамым дежь къущкиІ, адэкІэ лъэбакъуищэ хуэдизт пчыкмэ, ал-Келлэ унэсащ. Ар Кьаир и курыкупсэщ.

Трамваи авт обуси ситІысхьакъым: уэрамыр зэвыбгэщи, трамваи автобуси дзэзгъэнукъым. Араш тхъэ щыщІэ: Іуэжыр: дзэзгъэнукъым! Уэзирхэр нэхъ щыгъуаэз хьунти абы. Нэхъ щыгъуаэз хьунти, араш трамваи автобуси мы уэрамым кьыщІадмэуитыпщхьар. Си Іуэху яхэслъхьэркъым: захуэ хэпыщ уэзирхэр. Уи лъэм уэзрихьэмэ, уэзирхэм ауащІыщыгуГэн щыІэкъым. Илъэсищ м щІигъуащ мы уэрамыр зэрыпхашІэрэ. Илъэсищ м кІуэщІкІэ зы уэзирым игу кьэкІыжакъым мы уэрамыр. ЯхущІыхьа хьункъым. Захуэдгъэгуэнкъым: Іуэхум щІигъэнащ ди уэзирхэр. ЯхущІыхьэмэ, гу кьыпІьатэнщ дянэкІэ...

ФыгъэщІэгъуэнщ фэ! Ал-Келлэ уэрамыр пхъэнкІий идэыпІэ хьуамэ, уэзирхэра зи лажьэр? Уэзирхэр маршынэкІэ фІэкІа зекІуэрыкъым, Іэмал имыІэу щыт уэзирхэр мы уэрам фІейм кьыдэмыхьэнкІэ! Нэгъэуэщ уэрам щыІэкъэ? Гуэнэщ. Кьабзэ лъабзэу, зэщІэнхьэнкІауэ. Емынэм зэрихуэрэ: сыт мы уэрам фІейм кьыдэдзэрыхьынур уэзирхэр? Мыбы и закъуэ? Зэуранн, Хьалифэн, Мэамуни, Докьун, Эмалыкъ щІыдыкъэзэ щыІэкъым уэзир хэмрэ къулькъущІэхэмрэ. Дыхьэмэ, я напэр текІынущ, цІыхуфэ къраплъыжынкъым итІанэ. Я напэр текІ хьурэ уэзирхэ эмрэ къулькъущІэ хэмрэ? Тхьэм жимыІэкІэ! Аракъэ щІэуэзнирри щІэкъулькъ ущІэри, я напэр текІ хьункъыми!

Уэзирыр, е, сэ сщІэрэ, кхьлэм и тетыр кьыдзэгъэхьащэрэт мы уэрамым. ЖаІэнур фщІэрэт: я кьуэдзэхэр кьраджк энти, бзаджэ трагъхьэнт, «Дауэ ар! - жаІэнт. - КьыпІэ и курыкупсэр пхъэнкІий идэыпІэщ, ар фигу щхьэ текуэрэ?». Зи пщэ дэлыр кьраджэнтиІ, кьыпагъэжьыжьнт, текІиент. Зы тхьэмахуэ дэкІынтэкъым: уэрамыр зэщІапхъэнжьнт, къуэдзаІэ тетми, кущІэ джэгупІэ тетми, гъуэмбырущ тетми трагъэкъэбзыкІынти, уэрамыр цІыхум хуит хуащІынт, хьэблэри кьщІэрэщІ

ПщІэ зыхуэтщІ Хьэх Сэфарбий и Іэдакъэщіэкі «Адыгэбзэр къедывгъэгъэ» тхыгъэм къыщи-Іэтар, ди лъэпкъыбзэр зи Іэщіагъэхэр мыхьэху, адыгэу дуней-тетыр щІэгуэзэн Іуэхуу къызолъытэ. Къыхэгъэщыпхъэщ абы ирипІейтейкэр куэд щІауэ зэрытепсэлъыхьри. Ауэ, Іуэхум утегуэвыхьыкІэ, урипІейтейкІэ езыр-езыру адэкІэ кІуэтэнукъым. Ахуэдэущ Іуэхум ІкІи ІкІи ІуэнкІэ, бзэр тфІэкІуэдынщ. У бых лъэпкъым и щхьэм кърикІуам щытуазэ псоми абы кьытхуихьынур дощІэ.

ЛЪЭПКЪШХУ ЭХЭМИ лъэпкъ цІыкІуэхэми я анэдэлъхубзэр ягъэлъапІэ, зэрахьумэжыным пылъщ. Адыгэр бзэ дахэ, кьулей зиІэ лъэпкъыжьу дыкъоГъэгуэрыкІуэ. Ди бзэр ягъэкІуэдыжьпэну, нэгъэущІ лъэпкъхэм дыхагъэшьпсыхьыжьну щыхэта зэманми ар тхъумэжьын тхуэзфІэкІащ. Совет Союзым и лъэщыгуэм ирихьэлІэу, «Ди анэдэлъхубзэкІэ фымыпсалъэ», - кьыщыджаІа куэдрэ дрихьэлІащ, абы щыгъуэми хуэфащэ жэуап езытыжьыфу кьытэкІыр мащІэ дыдэу.

А зэманым сэ Владикавказ сыщеджэрти, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм дгъэщІагъуэрт осетинхэм хуиту я анэдэлъхубзэр зэрагъэбзэрабзэр. Зы гуп дыщыдыхьКІи, я бзэмкІэ псэльэн кІаГанэртэкъым. Зыри яжедмыІэми, ар емыкІуу кьэтлытэрти, ди жагъуэ хьІрГ. Іуэхум и пэжыпІэр къыщыдгурыІуэжар нужькІэщ. «Ди къуэш къэбэрдей-хэр», - жаІэу езыхэр гуапэу кьытхущытт, ауэ я бзэр апхуэдизкІэ фІыуэ яГъагъурт, зэрахъумэжьын хуейр дэр нэхъри нэхьыфІу зэхащІыкІыртти, ар ятІэ ирагъэщу арат. Дэ «Фи бзэкІэ фымыпсалъэ» кьыджезыІэхэм я унафэм дытетт. Абы дызыхуишари нэрыльагъущ. Адыгэхэм зэхэхьэ гуэр едгъэкІуэкІыу зы урыс кьытхыхьэмэ, урысыбзэ зыдощІ.

Куржы, ермэлы, нэгъуэщІхэм я гугъу сщІыхьэрхьым, абыхэм я бзэращ я къэралыбзэр, зэреджэр, зэрылажьэр. Си щІэныгъэм хэзгъэхьуэну Тифлис, Баку сыщагъакІуэхэм сехьуапсэу икІи згъэщІагъуэу сакІэупльпльрт адрейхэр я бзэм зэрыхуэсакъым. Абы щыгъуэ а щІыпІэхэм урысхэри нэгъуэщІ хэхэс лъэпкъхэм щыщхэри куэду щыІэт. Дэтхэнэ лъэпкъми я бзэр зэрихьумэжьыну Іэмал зэмылІэужьыгуэхэр кьетгъэсэбэп. Дэрэ абыхэм щапхъэ ятетхыпхъэщ. Пэжщ, зи гугъу сщІы лъэпкъхэм адыгэм ди щхьэм кьрикІуа гуэзвэгъуэм хуэдэ я нэгу щІэкІакъым. НтІэ, апхуэдизу гугъуехьым кьыпхьтха (ар зыхуэзэфІэкІыр лъэпкъ лъэщу, лъэпкъжьу кьэгъуэгурыкІуэрщ) ди бзэр ящІжы щхьэ дгъэкІуэдыжьмэ хуей? Иджырей гъащІэм кьэтхуихьа Іуэ ху мыщхьэпэкэм ящыщщ ар. Кьалэдэсхэр кьэгъэнауэ, кьуажэдэсхэр щыпсалъэкІэ, урысыбзэр куэду кьыхагъэхьэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, ковер, свадьба, ключ, цветок... Куэд мэхъу хамэбзэ псалъэу балъкъэрхэмрэ урыхэмрэ нэмыщІ, нэгъуэщІ хэхэс лъэпкъхэри куэду ищІ. Ди гъунэгъу республикэхэм щыІэ хэхэс хэр мащІэ дыдэ хьужащи, абы я бзэри я лъэпкъри нэхъ хьумэ хьунущ. Ди щІынальэм лъэпкъ зэмылІэужьыгуэ куэд зэрыщыпсэуэм зрыдогъэщІагъуэ. Уегупсысмэ, лъэпкъ цІыкІуэхэм а Іуэхум ди фенДэ хэлъкъым. ЖьпІэнэурамэ, ди бзэри, хабзэри, нэмысри тфІыдахьы. Зы щІынатьэм лъэпкъ куэд исыным фІы зэрыхэмылъыр хамэ къэралхэми кьыщалытащ. НэхьыфІыр лъэпкъхэр щхьэж и щІы кІаПэм щыпсэужу, езыхэр зэрылытэу, зэдзэпкъыжу, зэрыгъэныбжьыгъуу зэкІэлъыкІуэныкът. Ауэ, ди сабийхэр унэм кьызэрыщІэкІыжу, хамэбзэщ я тхьэкІумэм щыІур. Аращи, адыгэбзэр унагъуэм кьыщоно. Абыкіэ бзэр тхуэхъумэн? Апхуэдэу щытми, анэдэлъхубзэм зыщегъэжьыпхъэр ар кьыщежьэ унагъуэращ. Псом япэу адэжьращ сабийр я бзэм ирипсалъэу кьэхъунымкІэ жэуапльныгъэ зыльысыр. Я быныр сабий гъэсапІэм, школым, еджапІэ нэхъыщхьэм кІуэми хамэбзэр Іэпэгъу яхуэхьункІэ нэхъ щынагъуэ щыІэщ, ауэ унагъуэм щІэхэр зэрызэпсэльэн хуейр нэгъуэщІбзэкъым, атІэ ди адыгэбзэращ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьытхуэна щІы мащІэ тІэкІум хэт кьаКІуэми кьидгъэтІысхьэныр захуагъэкъым. Абы емыкІуи хэлъкъым. Дэ ди адыгагъэмрэ хьэлэлагъымрэ кІуэдыжьыпакъымри, псоми гуапэу даГуощІэри кьыдогъэблагъэ. Владикавказ сыщыщІджа илъэсихьм кьриубыдэу зы адыгэ унагъуэ фІэкІа сыщрихьэлІакъым. Ар ди егъэджакІуэу щыта КІыщоцкуэ Алим и щыпхъу Мадинэ. Ар куэд мыщІэу ди щІынІэм кьэлэпхъуэжащ.

Ди Іэнатіэ зэрагъэнщ, адыгэр лэжьапІэнщІэу икІи унэмщэу, общежитиэ е къахь лэжьапщІэм и щІыпІэныкъуэр зыщІат фэтэрым щІэсу хэхэс хэм унэри ІэнатІэри зэратыжырыр. НэгъуэщІ зы лъэпкъи апхуэдэ Іуэху зэІумыбз ядэпльагъуркъым. Ар и щхьэр течауэ зэрыжьтІэр емыкІуакъым. Абы дытемыпсэльыхьмэ, Іэмал дыхуэкІуэу Іуэху гуэрхэр зэфІэдмыгъэкІмэ, лъэпкъкІуэдыр кьытхуэкІуэнкІэ зыхуэІуа щІыкъым.

Бзэр зэрытхъумэжьыну Іэмалхэр гъунэжу щыІэщ, ауэ, кьэралым хуитыныгъэ кьыззэрыдимытым кьыхэкІыу, адэкІэ дымыкІуатэу ди пІэм доудыхьы. Іуэ хуэм гъуэгу езымыгъэкІуэнущ. МыхъумыщІэ кьыхэзыльхьэ унафэщІхэмрэ абы я жэрдэмыр ядэзыІыгъ къулыкъущІэхэмрэ. Бзэр тхъумэжьын щхьэкІэ Хьэх Сэфарбий кьыхилъхьэ Іэмалыр кьэдгъэсэбэн хьуну кьызолытэ. Щыхуэзэр апхуэдизкІэ кьулыкъущІэкІу хуэхьэзыр ІэнатІэр яфІэмыкІуэдын щхьэкІэ Іэджэм ебэкъуэфынущ. Ауэ, ар кьыдэхъулІэн папщІэ, ди Президентыр абы арэзы техъуэу кьыддиІыгъын хуейщ. Абы теухуауэ Журт Биберд и гукъэкІыжьхэм языхэзыІыкІуэ зэрыщІэкІыр ІэнатІэ кьэсхьынщ. Университетым щІэджэхэм ящыщ щІалэ зыбжанэм Бэрбэч Хьэтлутlэ зыхуагъэзащІ: «Ди гъунэгъу республикэм сыт и лъэныкъуэкІи я Іуэху щхьэхэтІ?». Бэрбэчэм щІалэхэм мыпхуэдэ жэуап кІаритыжащ: «Си кІуэцІ нахьышІэкэ, а зи гугъу фщІы гуэнэгъухэм я унафэщІхэр я лъэпкъым щысхьыжащ, ауэ Къэбэрдейм зэи унафэщІ диІакъым и лъэпкъым щысхьыжащ, ауэ Къэбэрдейм зэи унафэщІ диІакъым и лъэпкъым щысхьыжу». Ди иджырей унафэщІым дыщыгугъынщ лъэпкъыр дызыхуагъэкІуа щыхупІэм дыкъыщхьэщишьыжыну. Сэфарбий зэрыжиІэщи, ди Іуэхум пІалъэ кьыхэкІ хъунукъым! Зи лъэпкъ, зи бзэ фІыуэ зыльтаГуэхуэ икІыщІыпІэкІэ а Іуэхум иужь дивгъэхьи, адыгэбзэр кьедывгъэгъэзэІ

УЭЗРОКЪУЭ Инн.

● Автомотоспорт

Хэт ІэкІуэлъакІуэр?

Налшык, Абхъазым и утым щекІуэкІащ автомотоспортымкІэ республикэ чемпионат, Урысей Федерацэм и ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм кьыдэгъэІэпэщэ зэпеуэр и фэеплът Хэку зауэщхуэм хэта, республикэм и ДОСААФ-м и автомотоклубым и япэ унафэщІу щыта, СССР-м и спортымкІэ и мастер Пащты Амдулэхь.

ЗЭХЬэЗЭХУЭР кьыщызэІуахым, щІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жьалгъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ министрым и кьалэнэхэр зыгъэзащІэ **Пащты Борис** жиІащ щІалэгъуалэр хэхупсэу къэтэджыным хуэунэтІауэ дэзспорт Іуэхущ1апІэм мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэ зэрыригъэкІуэкІыр. Абыхэм ящыщ ТекІуэныгъэ Ібним и махуэшхуэм и щыхьэкІэ автомобилІэ кьызэдэжьэныр кьызэрыізэграгъэпщІыр. Зэхьэзэхуэр зи фэеплъ ветераным и кьэкІуэкІыкІам ар кІэщІу кьытеувыІэри, зэпеуэм хэтыну зэхуэсахэм екъулІэныгъэ зыІэрагъэжьыну зэригуапэр яжриІащ. Зэхьэзэхуэм хэтхэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ Пащты льэпкъым я нэхьыжь Лол.

Зэпеуэм командэ 13 хэтати, текІуэныгъэр кьахьащ Спорттехникэ клубым и лыкІуэхэу Бабаев Анзоррэ Быж Артуррэ. Щхьэзакъуэ зэпеуэм Быжыр псоми яфІэкІащ.

ТекІуэхэм я убокхэр, фэеплъ саугъэтхэр иратащ. «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент ГаБуевэ Аннэ цыхубэ-хэкупсэ лэжьыгъэм жьыдэжэу зэрыхэтым папщІэ «Совет Союзым и маршал Жуков» медалыр кьыхуагъэфэщащ.

Апхуэдэуи мы махуэхэм ДОСААФ-м щекІуэкІащ нэщанэ еуэныжьмкІэ зэпеуэ. Абы щытекІуащ ДОСААФ-м и Прохладнэ кьудамэм и гупыр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ЩІыналъэ куэд къызэІеубыдэ

● Гъуазджэ

Нарт Сосрыкъуэ.
Сурэтыр Налшык щыпсэу **Губановэ Аннэ** *(илъэс 15 ирокъу) ищІащ.*

2008 гъэ льандэрэ екІуэкІ «Нартхэм я хьугъуэфІыгъуэ» дунейпсо сабий художественнэ гъэльэгъуэныгъэ-фестивалыр сэбэп мэхъу щІэблэр льэпкъ щэнхабзэм хэшэныкІэ, сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым зегъэужьыныкІэ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьащи, ар кьыззэрагъэпэщащ КъБР-м и Правительствэм, Льэпкъхэм я унэу Москва щыІэм, Урысейм и Ху дожнихэм я зэгуэхэныгъэм и республикэ къудамэм, сурэтыщІ-модельер Тіажь Альбинэ и Фондым, УФ-м и посольствэ у Тыркуем щыІэри кьыдэлэпкъыщащ. Сурэтхэр Кавказым Щэнхабзэмкіэ щыІэ центрхэм щагъэуващ. Гъэльэгъуэныгъэр кьыззэрагъэпэщащи щхьэкІэ мыльькуекІэ закъыщигъэкъуащ Мэз Каринэ зэІуэщІм щытепсэльыхьащ бгым дэкІыным хэпха гугъуехьхэм, апхуэдэу зэман гъунэгъум и мурадхэм.

Зи суд ящІахэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ Урысейм и УФСИН-м КъБР-м щиІэ къудамэм и жылагъуэ советым и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир. Абы щыхубзэм ягуригъэІуащ суд зытращІыхьахэм хуагъэгъунымкІэ Урысей Федерацэм и Президентым и У казыр зэрагъэзэщІэну щыкІэр, апхуэдэ лъэІу ятІэн папщІэ зэфІагъэхьын хуейхэр.

ЗэІуэщІм хэтащ Урысейм и УФСИН-м КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ Фёдоров Василий.

ЗЭБАР Мадинэ.

● Дзэлыкъуэ куей

ФІым хуаущий

Дзэлыкъуэ районым иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ «Сабийхэр наркотикым и бийщ» фІэщыгъэм щІэт Іуэху щхьэщ. Ар кьызэрыгъэпэщащ районым и щэнхабзэ-методикэ центрым. Іуэху щхьэщэр хуэунэтІащ наркоманием кьищэзрагьыгъэм щыхуэхэр щыгъэгъозэным, абы зэмылгъэбгъуэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр кьэлыкъуэным жылагъэрэн кьыхэщэным.

РАЙОНЫМ и къуажэ псоми щекІуэкІащ наркотикым узыхуишэнкІэ хъунум теухуа псалъэмакъэр. НужькІэ кьызэрагъэпэщащ «Спортыр наркотикмэ и бийщ» зэпеуэр, сабийхэм ящІа сурэтхэмкІэ зэхьэзэхуэ, «Дунейр наркотикынщэу» концертыр, «Наркоманием тращІыхь хьэкум» театр зыкъэгъэльэгъуэныгъэр.

«Дэ гъащІэ узыншэм дрителъхьэщ» зыфІаща сабий сурэт гъэльэгъуэныгъэм утыку кьыщрахьащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт макъамэ еджапІэм художествэмкІэ и къудамэм и гъэсэнхэм я лэжьыгъэхэр, жьлэхэм дэт Щэнхабзэмкі э унэхэм щызэхэт гупжьейхэм екІуалІэ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщіэкіэхэр.

ПІЩЫУНЭ Эммэ.

Ильэс етІуанэ хъуауэ

● Май куей

Май районым и еджакІуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр мыхьэнэ иІэу - ахъшэ къалэжьу - ягъэкІуэну зэрыхуейр щыжаІэм, куей унафэщІхэм абыхэм я жэрдэмыр даІыгъащ. Абы ипкъ иткІэ, район администрацэм и тхьэмадэм ЫыдІэгъэкІащ 2011 гъэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм, апхуэдэуи еджэным ныбжьыщІэхэр лэжьэну хуит зыщІ унафэ.

МАЙ районым ЦІыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныкІэ и центрым и унафэщІ Кочетковэ Верэ зэрыжиІамкІэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ныбжьыщІэхэм ІэгъэнатІэ гуэрхэр пІалъэкІэ кьахуэгъэгъуэтыным теухуа зэгурыІуэныгъэхэр ящІыІащ Май кьалэм и гимназие №1-м, курыт школхэу №№3, 5-хэм, Котляревскэ станицэм дэт еджапІэ №8-м. Апхуэдэу ныбжьыщІэхэм лэжьыгъэ кьахуэгъэгъуэтыныкІэ дэІэпыкъуэгъуэшхуэ мэхъу Май кьалэм и унафэщІ Выскребенец Евгениирэ «КХ-Альтернатива» МП-м и тхьэмадэ Евдокимов Сергейрэ. Мы зэманым школакІуи 120-р лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщащ. Абыхэм школхэм, лагерхэм я щІантІэхэр, абыхэм я Іэгъуэблагъэхэр ягъэкІыжащ. Апхуэдэуи, ЦІыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныкІэ центрым ХъумапІэ банкым абыхэм кьыщызэІуаха я счетхэм мазэ кьэс сом 1275-рэ яхурилъхьэнущ.

Кьалэ пархым щылажьэ ныбжьыщІэхэм защыхуэдгъазэм, я улахуэр кьызэрагъэсэбэпыну щыкІэмкІэ кьыддэгуэшащ. Апхуэдэу Лесневский Александр щогуфыкІ ахъшэ кьиналжьыну Іэмал зэриІэм, ауэ и япэ улахуэр зытригъэкІуэдэнур иджыри ищІэркъым. Доценкэ Ольгэ телефон, Лессовой Александр гитарэ къащэхуну я мурадщ. Отрощенкэ Александр кьилэжьхэр и анэм иритынущ. Пальчиков Александр ильэс етІуанэ хъуауэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм мэлажьэ, и ахъшэхэр псори Хъумапіэ банкым кьыщызэІуаха тхылъым щызэхуеХьэс.

ДОЛ Аминэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Сирием хнубыдэ Джолан щІыпІэм 1967 гъэм и пэ адыгэ къуажэ 14 щыпсэууэ щытащ. А жылэхэм я щІыхьэр Къунейтірэ кьалэм 1935 гъэм щыІэхэтащ Черкесиадэ зыфІаща спорт зэпеуэр.

Сурэтым щывольагъу Черкесиадэм и кьызэгъэпэщакІуэ Къэрэшей Мунир.

● ЗэІуэщІэ

Каринэ Іуощ1э лъэхъуэщым исхэм

У урысейм и УФСИН-м КъБР-м щиІэ къудамэм и жылагъуэ советым ди щыІнатъэм и лъэхъуэщым т е зыр щезыхьэкІ щыхуэхэр яІунэщІащ республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и гъэжьакІуэ Мэз Каринэ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьащи, ар кьыззэрагъэпэщащ КъБР-м и Правительствэм, Мэз Каринэ зэІуэщІм щытепсэльыхьащ бгым дэкІыным хэпха гугъуехьхэм, апхуэдэу зэман гъунэгъум и мурадхэм.

Зи суд ящІахэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ Урысейм и УФСИН-м КъБР-м щиІэ къудамэм и жылагъуэ советым и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир. Абы щыхубзэм ягуригъэІуащ суд зытращІыхьахэм хуагъэгъунымкІэ Урысей Федерацэм и Президентым и У казыр зэрагъэзэщІэну щыкІэр, апхуэдэ лъэІу ятІэн папщІэ зэфІагъэхьын хуейхэр.

ЗэІуэщІм хэтащ Урысейм и УФСИН-м КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ Фёдоров Василий.

ЗЭБАР Мадинэ.

Ныбжьыщ1эхэр ирагъэблагъэ

● ЩІэблэ

Урысейм Спортымрэ туризмымкІэ и министерствэм щІалэгъуалэ политикэмрэ жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэм и департаментым хьыбар кьызэриты-мкІэ, 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м щегъэжьауэ щыщхьэІум и 1 пщІондэ Севастополь кьалэм (Украинэм) щызэхэтыну «ЩІалэгъуалэр терризмымрэ экстремизмымрэ я бийщ» зыфІаща, щІэблэхэм я ассамблеем и 11-нэ Дунейпсо мамырщІэкъуэ зэхьэзэхэр.

АР И ЖЭРДЭМЩ «Урысейм и лъэпкъхэм ящыщу хэхэсу псэухэм я щІалэгъуалэм и Дунейпсо ассоциацэмрэ» «Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм» я урысейпсо союзымрэ.

Зэхьэхьэм и лэжьыгъэр тегъэщІауэ щытыныщ пленарнэ зэхуэсхэм, мастер-классхэм, щэнхабзэм, спортым, ныбжьыщІэ куэд зыхэтыну зэхьэзэхуэ-зэпеуэ Іуэхуг1уэхэм.

Зи гугъу тщІы зэхуэсыльхуэм и лэжьыгъэм къриКІуэнухэр щхьэпэнущ «ЩІалэгъуалэр-сабий жылагъэ зэгухьэныгъэхэр, творческэ гупхэр, Урысей Федерацэмрэ къэрал гъунэгъухэмрэ щыІэ еджапІэхэм я лЫкІуэхэр.

Зэхуэсым хэтыну гукъыдэжь зиІэхэм ныбарегъащІэ тхыгъэхэр мы адресымкІэ ирагъэхь хуунущ: **125130, Москва, Космодемьянскэ 3ое и уэрам, 31-нэ уэнэ, 3-нэ корпус (МАМОРС, Союзмол), факсымкІэ: (495) 450-78-56, электроннэ адресымкІэ: zhuravlev 08@ mail.ru.**

Хьыбар зыІэрыгъэхьэфынущ мы телефонымкІэ: **(916) 543-83-40**, абы къыщыпэмыщІауи, мы сайтымкІэ: www.mamors.com.

КъБР-м Щ1алэгъуалэм я Іэухуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залиго, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьуэмэ Іуэхущ1апІэхэм я зэдзэлажьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэ зэпыту щытыкІэм.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыикІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыдзэгъаэм и 16-м №11-0065-м щІэту ятуащ.

Зы нэмыс ди газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ГъущІо Зариф, корректорхэр **Щоджэн Заирэ,** *(3, 4-нэ нап.), Щоджэн Инн э (1, 2-нэ нап.),* корректорхэм я дзэнныкъуэгъу **БатІигІэ Марьят.** *КомпьютерІэ газетым и теплъэр ищІащ* **Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьзыращ.

Газетым Іэ щытредзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531© Тираж 8.879 ● Заказ №1846